



Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

Kòman pou w itilize NYCSA (Kont Lekòl Vil Nouyòk la)

Kisa NYCSA a ye ?

NYCSA se yon aplikasyon wèb de Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (« DOE ») ki pèmèt ou verifye ak jere enfòmasyon enpòtan konsènan edikasyon pitit ou anliy. NYCSA disponib nan nèf lang anplis anglè. NYCSA pa ranplase kominikasyon regilyè avèk pwofesè pitit ou oswa lòt pèsonèl lekòl la.

Kiyès ki elijib pou NYCSA ?

Si w gen yon pitit ki nan laj ant pre-kindègaden ak 12yèm ane nan youn nan pwogram ki anba yo, ou gen aksè pou kreye yon kont NYCSA.

- Lekòl Leta Vil Nouyòk (Distri 1-32, Distri 75, Distri 79)
- Lekòl Achat*
- Pwogram edikasyon espesyal pre-eskolè apwouve*
- Lekòl ki pa prive ke Leta Nouyòk apwouve yo*

* Enfòmasyon yo gen dwa limite si pitit ou a se elèv nan youn nan pwogram sa yo. Tout paran de elèv Vil Nouyòk gen aksè ak enfòmasyon bis lekòl pou pitit yo, si aplikab, sou sit wèb NYCSA a.

Kisa m ka verifye/fè sou kont NYCSA mwen an ?

Nan seksyon « **Elèv mwen** » an :

Aksede enfòmasyon sa yo sou pitit ou a :

- Nòt, mwayèn pou egzamen ak dosye asistans
- information Enfòmasyon sou pwomosyon fen dane/lekòl dete
- Eitati kòm Elèv k ap aprann anglè (« ELL »)
- Istorik enskripsyon
- Egzijans pou gradye nan lekòl segondè
- Enfòmasyon konsènan Plan Edikasyon Endividyèl (« IEP ») pitit ou a si pitit ou resevwa sèvis edikasyon espesyal nan men DOE.
- Enfòmasyon sou transpò
- Enfòmasyon sou gadyen legal ak kontak ijans

Nan seksyon « **Fòmilè** » a :

Soumèt fòmilè lekòl tankou ankèt lekòl yo ak kesyonè.

Nan seksyon « **Inivèsite paran** » an :

Aksede resous ak gid DOE, patisipe nan fòmasyon anliy sou sijè ki gen rapò ak lekòl.

Nan seksyon « **Rapò sou fawouch** » la :

Drese rapò sou ensidan fawouch dirèk bay DOE.

Nan seksyon « **Sant sipò** » a :

Siyale yon pwoblèm transpò, jwenn èd ak aparèy pitit ou, ak plis ankò.

Kòman pou m kreye yon kont NYCSA ?

Fasafas oswa pa apèl telefòn

Fikse yon randevou nan lekòl pitit ou oswa pa telefòn. Ou pral bezwen enfòmasyon sa yo :

- Yon pyès idantite ak foto w, oswa fòk ou an mezi pou konfime idantite w o telefòn ;
- Nimewo idantite elèv pitit ou ki gen 9 chif, ki afiche sou relve de nòt li a ; epi
- Yon adrès imèl.

Yon manm nan pèsònèl lekòl la pral ede w kreye kont ou epi li pral ba w yon mòdpas tanporè. Ou gen trant jou pou mete mòdpas kont ou a ajou ak konfime pwofil ou.

Anliy

Mande yon lèt « Kòd kreyasyon yon kont » nan men lekòl pitit ou a. Ou pral bezwen kòd sa a ak nimewo idantite 9 chif pitit ou a pou kreye yon kont NYCSA oswa pou ajoute lòt pitit ou yo nan yon kont NYCSA ki deja egziste.

- Konsilte www.schoolsaccount.nyc epi seleksyone « Kreye yon kont ».
- Pou tabli kont ou, antre non w, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou. Yo pral mande w pou w verifye adrès imèl ou a ak ajoute nimewo verifikasyon an sou paj kont NYCSA ou.
- Kreye yon mòdpas epi reponn twa kesyon sekirite pou kont lan pou konfime pwofil ou.
- Antre Kòd kreyasyon kont pitit ou ak Nimewo idantite elèv 9 chif pitit ou pou lye pwofil pitit ou a ak kont NYCSA ou a ansanm.

Kòman mwen ka chanje lang lan sou kont NYCSA mwen an ?

Klike sou bouton « Paramèt »  nan kwen dwat siperyè de tablo bò NYCSA ou.

Desann nan meni Paramèt la jiskaske w jwenn *Lang prefere* epi klike sou lang prefere w la. Gen dis (10) lang diferan ou ka chwazi.

Klike sou « Sovgade ». Yo pral mande w pou w dekonekte epi rekonekte sou kont lan pou chanjman an kapab fèt.

Frè ak sè

Si w gen plis pase yon sèl pitit nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la, ou pral oblije resevwa yon lèt avèk yon Kòd kreyasyon kont pou chak pitit ou, ak yon nimewo idantite elèv 9 chif pou chak pitit ou pou w ka lye yo ansanm ak kont NYCSA ou a.

Pataje aksè

Ou ka envite lòt granmoun ki enplike nan edikasyon pitit ou a pou wè enfòmasyon pitit ou a tou. Moun ke w envite a dwe gen Kòd kreyasyon kont lan ak Nimewo idantite elèv 9 chif la pou kreye yon kont NYCSA.

Kiyès pou m kontakte si m gen kesyon ?

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon konsènan kòman pou navige nan kont ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a, rele 311 oswa konsilte sitwèb www.schoolsaccount.nyc. Ou ka toujou rele liy dirèk gratis AFC a ki rele Liy Asistans Edikasyon Jill Chaifetz, ant lendi ak jedi, sòti 10è rive 16è nan (866) 427-6033 ak tout kesyon w genyen ki gen rapò ak edikasyon.

Fich enfòmasyon sa a pa dwe konsidere kòm yon konsèy legal. Fich enfòmasyon sa a fèt pou rezime politik oswa lwa ki deja egziste, san anonse opinyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon avoka oswa yon defansè.